



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 10YÈM PWOPOSIZYON NAN DISKOU ETA LETA
2017 LAN: FÈMTI IZIN KOURAN NIKLEYÈ INDIAN POINT LAN APATI 2021**

*Reyaktè Inite 2 a Pral Fèmen an Avril 2020; Reyaktè Inite 3 a Pral Fèmen an Avril
2021 - 14 Ane Anvan Tan Ke Yo Te Antisipe Anba Kondisyon Relisansiman
Federal yo*

*Akò Plan Fèmti an Abòde Risk Sekirite yo Ki Asosye ak Dezafektasyon ak
Konsèvasyon Kabiran*

*Yo Pral Ofri Anplwaye Indian Point Aktyèl yo Relojman ak Opòtinite nan Lòt Izin
ak Sèvis yo ki nan Eta a; Fòmasyon nan Teknoloji Renovlab yo*

*Entergy Pral Bay \$15 Milyon nan Finansman pou Avantaj Kominotè ak
Anviwònmantal yo*

*Leta Mentni Dwa Legal yo pou Pote Aksyon Adisyonèl ak Pwosedi Legal yo epi
Etablisman an Pral Sijè a Enspeksyon Anyèl Leta yo*

*Kouran Ranplasman Pral An Plas, Sa Ki P'ap Ajoute Nouvo Emisyon Kabòn yo
epi Ki Pral Gen Enpak Montan Depans Ki Neglijab pou Kontribiyab yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a fèmti Indian Point Energy Center an apati mwa Avril 2021. Ansyen santral elektrik nikleyè 2,000 megawat lan, ki lokalize a 40 kilomèt nan zòn nò Vil New York, li te prezante divès menas pou sekirite plis pase 20 milyon abitan ak sante anviwònmantal zòn lan. Apre anpil pou pale ak negosyasyon, Entergy te dakò pou mete fen nan tout operasyon li yo nan etablisman sa, ki planifye pou fèmen pòt Inite 2 Indian Point lan pi bonè posib an Avril 2020 ak Inite 3 an Avril 2021 – 13 ak 14 ane anvan tan ki te ekzije anba kondisyon relisansiman federal yo ki te antisipe yo, respektivman. Eta a pral kontinye siveye Entergy de prè pou kapab asire ke sekirite piblik, epi redwi risk sekirite ki asosye ak izin lan, ki enkli pou konsèvasyon kabiran nikleyè ki ize yo.

“Pandan 15 ane, mwen te enkyete pwofondeman pa vyolasyon sekirite pèmanan yo nan Indian Point, espesyalman poutèt anplasman li nan rejyon metwopolitèn ki pi gwo epi ki pi peple nan peyi a,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè dèske mwen

te sekirize akò sa ak Entergy pou kapab fèmen etablisman an yon fason responsab 14 ane anvan dat planifye yo pou kapab pwoteje sekirite tout Nouyòkè yo. Administrasyon sa te pouswiv aktivman epi li te ankouraje devlopman enèji fyab pwòp, epi eta a pare totalman pou ranplase kouran ki jenere pa izin lan pou yon montan ki neglijab pou kontribiyab yo.”

“Fèmte santral elektrik Indian Point lan se yon viktwa majè pou sante ak sekirite dè milyon Nouyòkè, epi sa pral ede lanse avni enèji pwòp eta a,” **se sa Avoka Jeneral la Eric T. Schneiderman te deklare.** “Pandan sis ane ki sot pase la yo, biwo mwen an te dirije defi eta a pou demann Entergy an pou yon ekstansyon ven ane pou lisans li pou kapab opere nan Indian Point, epi akò sa make apoje reyisi pou travay nou pou abòde kesyon risk sante ak sekirite grav yo ke izin lan poze pou kominote avwazinant yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li te travay ansanm ak pati prenan yo, ki enkli biwo mwen an ak avoka anviwòmantal ki angaje yo nan Riverkeeper, pou kapab reyalize kontra enpòtan sa pou Nouyòkè yo.”

Sou Gouvènè Cuomo, New York te franchi etap san presedan pou kapab asire ke sous ki sekirize, fyab, epi a pri abòdab yo pral bay Nouyòkè yo plis kouran ranplasman ki plis ke apwopriye apre fèmte izin lan. Kòm yon rezilta estrateji enèji pwòp konpreyansif Gouvènè Cuomo an, eta a pral kontinye lidèchip nasyonal li nan enèji renouvlab yo ak rediksyon emisyon gaz a efè sèr ki danjere yo.

Indian Point te kontamine pa divès pwoblèm sekirite ak operasyonèl, ki enkli boulon ki defisyan yo, ak divès fwit ak dife. Rejyon alantou an ki peple anpil lan manke wout evakyasyon ki fyab yo nan ka yon dezast, epi izin lan te eksperimente plis pase 40 aktivite operasyonèl ak sekirite ki twoublan, epi inite an te fèmen depi an 2012. Izin lan te site yon fwa tou kòm izin ki pi vilnerab pou trèbleman tè yo nan nasyon an.

Gouvènè an te mete anfas plizyè fwa sou nesosite pou siveye sekirite ak operasyon yo nan Indian Point pa alafwa regilatè federal ak leta yo. An Me 2015, etablisman an te eksperimente yon dife transfòmè – 13^{yèm} fèmte etablisman ki pa’t planifye depi nan mwa Jwen 2012 – sa ki demontre ke operasyon pèmanan Indian Point lan yo menase non sèlman sekirite moun yo men tou sante anviwòmantal nan zòn ki alantou li an. Operasyon woutin izin lan yo kapab tiye dè milyon pwason nan Hudson River an ak sistèm refwadisman dlo li an, epi izin lan gen yon istorik fwit radyoaktif yo nan dlo anba tè yo.

“Akò sa se yon viktwa pou sekirite kominote nou yo ak sante Hudson River an, epi li pral pote anpil gwo avantaj nan nouvèl sous enèji dirab yo ak travay ki byen peye yo ki ap vini ansanm ak li yo,” **se sa Prezidan Riverkeeper an Paul Gallay te deklare.** “Riverkeeper kontan anpil dèskè Gouvènè te leve kanpe pou reyalize kontra sa - jan li te pwomèt ke li te pral fè sa.”

“Fèmte Indian Point lan make yon viktwa estanda yo pou Hudson River ansanm ak moun New York yo,” **se sa Prezidan Scenic Hudson lan Ned Sullivan te deklare.** “Lidèchip anbisyè Gouvènè Cuomo an nan mande epi nan bay fèmte izin lan se yon

etap fondamantal ki pral elimine yon menas pou plizyè jenerasyon kont sante Hudson River an dè milyon moun ki nan rejyon an. Nou remèsye Avoka Jeneral Schneiderman poutèt wòl enpòtan li nan akò sa. Scenic Hudson te travay pandan dè dekad pou kapab mete fen nan domaj anviwònmantral masif yo nan Hudson River an ki te koze pa izin lan ki ap preleve dè milya galon dlo rafrechisman pa jou. Fèmte akselere a ansanm ak lòt pwovizyon yo ki nan akò a pral pwoteje sante ak sekirite Nouyòkè yo, epi retabli entegrite Hudson River an. Defans san fatig depi plizyè dekad ki te fèt pa Scenic Hudson, Riverkeeper ak lòt patnè nou yo te kreye wout pou yon Hudson River ki pi an sante ak yon Vale ki pi sekirize.”

Plan Fèmte Indian Point

Rezilta kondisyon akò yo ak plan ijans adisyonèl Eta New York yo se sa nou pral site la yo:

- **Dat Fèmte Bonè:** Entergy Corp. te dakò pou mete fen nan tout operasyon li yo nan Indian Point epi li pral fèmen reyaktè Inite 2 a an Avril 2020. Inite 3 a pral fèmen pòt li an Avril 2021. Reyaktè Inite 1 a te fèmen an pèmanans an Oktòb 1974 paske sistèm refwadisman nwayo ijans lan pa’t reponn a ekzijans regilatwa yo. Nan ka yon sitiyoasyon ijans tankou yon atak teworis ki ap afekte jenerasyon elektrisite an, Eta a kapab dakò pou pèmèt Indian Point kontinye opere nan ogmantasyon 2 ane, men pa pi ta apre Avril 2024 ak Avril 2025 pou Inite 2 ak 3 yo respektivman.
- **Enspeksyon ak Ekzijans Sekirite Rigoure yo:** Eta New York pral fè enspeksyon anyèl yo nan izin lan ki an rapò ak dosye operasyonèl yo, regilatwa ak anviwònmantral yo. Entergy pral transfere kabiran ki ize yo pou konsèvasyon pwotektif nan “barik sèch yo”, metòd ki prefere pou kapab konsève an sekirite kabiran ize yo, a yon minimòm 4 barik pa ane epi omwen 24 apati 2021. An plis, nan ravitayman yo pral enspekte tout boulon yo nan toulède inite yo, epi yo pral ranplase nenpòt boulon pou kapab asire entegrite estriktirèl reyaktè yo jiska an 2021. Yo pral enspekte tou jeneratè vapè izin lan pou nenpòt frakti pandan entèripsyon sèvis ravitayman yo.
- **Enpak Fakti ki Neglijab:** Plan Ijans Indian Point ki te fèt pa Komisyon Sèvis Piblik lan (Public Service Commission’s Indian Point Contingency Plan) ansanm ak lòt jefò planifikasyon yo te asire ke gen plis resous kouran ki adekwat ki kapab vini sou entènèt apati 2021 pou kapab asire fyabilite rezo kouran an. Apati jefò planifikasyon yo ak resous ranplasman pwobab yo, fèmte izin lan an 2021 pral gen ti efè piti oswa okenn efè sou fakti elektrik Nouyòkè yo.

- **Poupale Ekstraòdinè ak Relisansiman ki Limite:** Entergy pral soumèt yon aplikasyon lisans sis ane bay NRC (Nuclear Regulatory Commission). Entergy, Eta New York, ansanm ak lòt òganizasyon yo pral mete fen nan dispit yonn kont lòt yo.
- **Leta Kenbe Otorite Legal:** Menm si kèk dosye deja regle, leta a mentni otorite pou pote aksyon adisyonèl kont Entergy si gen nouvo ka ki rive.
- **Pwoteksyon Mendèv:** Pral gen anplwa pèmanan nan izin lan atravè pwosesis fèmtila a (jiska an 2021), epi anba kondisyon akò yo nan Eta New York, Entergy te angaje pou ofri anplwaye izin yo nouvo travay nan lòt etablisman yo. Eta New York pral travay ansanm ak travayè yo pou kapab jwenn aksè a lòt opòtinite travay yo, ak fòmasyon travayè yo nan sektè kouran ak sèvis yo nan eta a, sa ki enkli lòt izin yo. Epi, atravè NYSERDA, eta a pral ofri nenpòt travayè fòmasyon ak nouvo aptitud yo nan teknoloji renouvlab yo tankou solèy ak van.
- **Kouran Ranplasman:** Indian Point pwodwi 2,000 megawat kouran elektrik. Aktyèlman, modènizasyon transmasyon yo ak mezi efikasite yo ki totalize plis pase 700 megawat yo deja an sèvis. Yo pèmèt totalman tou divès resous jenerasyon yo epi yo disponib deja pou vini sou entènèt apati 2021, apre fèmtila izin lan, ki enkli kouran idwolik pwòp, ki renouvlab ki kapab ranplase jiska 1,000 megawat kouran. Ansanm, sous sa yo pral kapab jenere plis ke ase kouran elektrik pou kapab ranplase kapasite Indian Point lan apati 2021.
- **Pa Gen Ogmantasyon Emizyon Gaz Brit Akoz Fèmtila a:** Lidèchip Gouvènè an sou chanjman klimatik ak enèjetik yo pral asire ke fèmtila Indian Point lan pa pral gen yon enpak negatif sou emizyon kabòn yo onivo rejyonal. Atravè Inisyativ Gaz A Efè Sèr Rejyonal la (Regional Greenhouse Gas Initiative), eta a pral kontinye favorize rediksyon gaz a efè sèr yo nan sektè kouran an. An plis, Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) Gouvènè a pou jwenn 50 pousan nan Elektrisite New York lan apati enèji renouvlab yo apati 2030, li se manda ki pi konplè epi ki pi anbisye nan istwa Eta a, pou kapab konbat chanjman klimatik yo, redwi polisyon ki danjere nan lè a, epi asire yon sous enèji ki divès epi fyab ki a pri abòdab.

- **Pwoteksyon Anviwònmantal K'ap Kontinye:** Entergy te dakò tou pou etabli yon fon \$15 milyon pou sipòte pwojè restorasyon anviwònmantal ak avantaj kominotè yo. Fon an pral sipòte jefò yo potansyèlman ki enkli, men pa limite sèlman a, pwoteksyon ak restorasyon tèren imid vital yo ak estyè yo, kreyasyon ak amelyorasyon abita lavi sovaj lan, migrasyon envazif espès yo, ak reyalizasyon etid syantifik yo pou kapab asire dirabilite alontèm resous natirèl zòn lan yo.
- **Enpak Enpo Lokal:** Akò a pèmèt pou gen tan ase pou planifye epi redwi enpak yo sou revni enpo lokal yo. Entergy te dakò anvan sa sou pèman yo olye enpo yo (Payments in Lieu of Taxes, PILOTs) bay antite gouvènmantal lokal yo ak distrik lekòl yo pral kontinye jiska 2021, anvan ke yo kòmanse retire yo gradyèlman nan yon nivo ki negosye apre fèmte an. Eta a pral travay tou ansanm ak kominote lokal yo pou abòde dosye defisi revni potansyèl yo, ki similè ak jan li te travay ak kominote yo ki te afekte pa lòt fèmte izin yo atravè fon retrèt izin kabiran fosil aktyèl lan.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418